**दिन—मंगलवार** **दिनांक—25.08.2026**

प्रसार भारती
(भारत का लोक सेवा प्रसारक)
प्रादेशिक समाचार एकांश
आकाशवाणी, पटना

प्रसारणः—शाम 06:25 बजे सँ अवधिः—05 मिनट

———————————————————————————————————

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी वैशाली के बिदुपुर स्थित कॉलेज ऑफ इंजीनियरिंग मे आयोजित कार्यक्रम मे आइ सँ विद्यार्थी सहयोग शिविरक शुभारंभ कयलनि। कतेको जिला मुख्यालय सभ मे सेहो शिविरक आयोजन कयल गेल। एकर उद्देश्य विद्यार्थी लोकनिक शैक्षणिक आ संस्थागत समस्या सभक त्वरित समाधान करब अछि। विद्यार्थी सहयोग शिविर हरेक मासक चारिम मंगलदिन के आयोजित कयल जायत। मुख्यमंत्री एक सोशल मीडिया पोस्ट में कहलनि जे एहि शिविर सभ मे विद्यार्थी लोकनि कँ अपन शिकायत आ सुझाव दर्ज करेबाक अवसर भेटत। प्राप्त शिकायत सभ के बेसी सँ बेसी तीस दिनक भीतर समाधान सुनिश्चित करबाक व्यवस्था कयल गेल अछि।

—————————————————————

शिक्षक भर्ती परीक्षाक चारिम चरण मे निगेटिव मार्किंग हटेबाक आ एकल परीक्षा करेबाक मांग कँ लऽकऽ छात्र लोकनि आइ पटनाक गांधी मैदान सँ मार्च निकाललनि। प्रदर्शनकारी छात्र लोकनि लोक सेवक आवासक घेराव करऽ चाहैत छलाह। पुलिस विरोध मार्च कँ डाकबंगला चौराहाक लऽग रोकि देलक। एहि मध्य, प्रदर्शनकारी छात्र लोकनि आ प्रशासनक मध्य झड़प सेहो भेल। सुरक्षा के देखैत कतेको छात्र नेता सभ कँ हिरासत मे लेल गेल अछि।

—————————————————————

शिक्षा मंत्री मिथिलेश तिवारी कहलनि अछि जे राज्य सरकार छात्र लोकनिक हित के लेल संकल्पित अछि। पटना में पत्रकार लोकनि सँ गपशप करैत श्री तिवारी कहलनि जे छात्र लोकनिक अधिकांश मांग कँ मानि लेल गेल अछि आ सभ मांग पर सहानुभूतिपूर्वक विचार कयल जा रहल अछि। ओ विपक्ष पर अवसरवादी राजनीति करबाक आरोप सेहो लगौलनि।

—————————————————————

लोजपा—रामविलास के अध्यक्ष आ केंद्रीय मंत्री चिराग पासवान कहलनि अछि जे छात्र सभक उचित मांग सभ पर विचार कयल जाएबाक चाही। श्री पासवान कहलनि जे ओ

मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी सँ भेट कऽ छात्र लोकनिक समस्या के समाधानक लेल आग्रह करताह।

———————————————————————

केंद्रीय माध्यमिक शिक्षा बोर्ड एहि वर्ष आयोजित होबयबला सीटीईटी परीक्षा स्थगित कऽ देलक अछि। बोर्ड जारी सूचना मे कहलक अछि जे एक सितम्बर सँ सीटीईटी आवेदन पोर्टल पुनः खोलल जायत आ आवेदन प्रक्रिया पूरा भेलाक बादे परीक्षाक संशोधित तिथिक घोषणा कयल जाएत। पहिने सँ आवेदन कऽ चुकल आवेदक लोकनि कँ दोबारा आवेदन करबाक आवश्यकता नहि अछि।

———————————————————————

बिहार लोक सेवा आयोग सहायक शिक्षा विकास पदाधिकारी, एईडीओ परीक्षाक विज्ञापन पुनः जारी करत। आयोग कहलक अछि जे एहि सँ नव अभ्यर्थी सभ कँ आवेदन करबाक अवसरि भेटत। आयोग स्पष्ट कयलक अछि जे पहिने आवेदन कऽ चुकल अभ्यर्थी लोकनि कँ दोबारा आवेदन करबाक आवश्यकता नहि होयत।

———————————————————————

मुख्य सचिव प्रत्यय अमृत आइ पटना मे आयोजित एक उच्च स्तरीय बैसक के दरमियान समाज कल्याण विभाग, ऊर्जा विभाग आ कृषि विभाग सहित विभिन्न विभाग सभ सँ जुड़ल योजना सभक समीक्षा कयलनि। विभिन्न जिलाक जिलाधिकारी आ संबंधित विभागक अधिकारी लोकनि वीडियो कॉन्फ्रेंसक माध्यम सँ बैसक मे सम्मलित भेलाह। मुख्य रूप सँ एहि बैसक मे एग्री स्टैक, किसान रजिस्ट्रेशन, पीएम सूर्यघर योजना आ टीबी मुक्त भारत अभियानक अंतर्गत चलाओल जा रहल विभिन्न कार्यक्रमक प्रगति के समीक्षा कएल गेल। मुख्य सचिव योजना सभ के प्रभावी आ समयबद्ध क्रियान्वयन के लेल फराक–फराक विभाग सभक मध्य समन्वय बनेबा पर जोर देलनि अछि।

———————————————————————

उत्तर भारत मे कतेको ठाम भारी वर्षाक कारणे गंगा नदीक जलस्तर राज्य में बक्सर सँ लऽ कऽ कहलगांव धरि कतेको स्थान पर खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि। केंद्रीय जल आयोगक रिपोर्टक अनुसार भागलपुर आ कहलगांव मे जलस्तर बढ़ल अछि, जखनकि बक्सर, पटनाक दीघा घाट आ मुंगेर मे कमी दर्ज कयल गेल अछि। एम्हर, घाघरा नदीक जलस्तर सीवानक दरौली मे, गंडक नदी गोपालगंजक डुमरिया घाट मे, बूढ़ी गंडक नदी

खगड़िया मे लाल निशान सँ ऊपर बहि रहल अछि। ओतहि, कोसी नदीक जलस्तर खगड़ियाक बलतारा आ कटिहारक कुर्सेला मे खतराक निशान सँ ऊपर बनल अछि।

———————————————————————

देश में यूनिफाइड पेमेंट्स इंटरफेस–यूपीआई प्रणालीक शुरुआत कँ आइ दस वर्ष पूरा भऽ गेल। आजु के दिन दू हजार सोलह मे यूपीआई के शुरुआत भेल छल। एहि अवसर पर प्रधानमंत्री नरेन्द्र मोदी कहलनि जे राष्ट्रक एहि डिजिटल क्रांति पर हरेक भारतीय कँ गौरब हेबाक चाही।

———————————————————————

आइ पूर्व मुख्यमंत्री आ मंडल आयोगक अध्यक्ष बी.पी. मंडल के जयंती छन्हि। एहि अवसर पर पटना मे आयोजित राजकीय समारोह में राज्यपाल लेफ्टिनेंट जनरल सेवानिवृत्त सैयद अता हसनैन आ मुख्यमंत्री सम्राट चौधरी हुनक प्रतिमा पर माल्यार्पण कऽ श्रद्धांजलि अर्पित कयलनि। एम्हर, स्वर्गीय बी.पी. मंडलक पैतृक गाम मधेपुरा जिलाक मुरहो मे मुख्य समारोहक आयोजन कएल गेल।

———————————————————————

पश्चिम चंपारण जिला मुख्यालय, बेतिया के कुमारबाग इंजीनियरिंग कॉलेज मे एहि मासक सत्ताईस अगस्त कँ खेलो इंडिया संवाद कार्यक्रमक आयोजन कयल जायत। जिला युवा पदाधिकारी शशांक मित्तल जनौलनि जे प्रधानमंत्रीक संबोधन प्रातः एगारह बजे सँ प्रसारित कयल जायत।

———————————————————————

समाप्त